No. 50 — 11 December 1931 — Taoen

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA - TAMA:

1 taoen . . . . f 6,—
½ „ . . . . . f 3.—
3 woelan . . . f 1,50
Kénging mbajar saben woelan
} njoewoen kabajar roemijin.

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja . . . . . f 36.—
½ „ . . . . . f 18,65.
¼ „ . . . . . 9,75.
⅛ „ . . . . . f 5,25.
Saladjengipoen: saben 1 cm² . . f 0,03;
sekedik - kedikipoen: f 1,50.
Kabar premili alit - alitan: f 1.—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

KAOEM TANI BENTAJANGAN.

Bab wragad lan pamedaling siti.

Ing Sw.-Tm. No. 49 Tjablaka sagah ndongèng bab wragad lan pamedaling siti.

Ing riki koela boten badé ngatoeraken wragading sadaja tetaneman ingkang kelimrah tinanem ing tijang tani, namoeng badé ngatoeraken wragad-wragading taneman pantoen ing sakiwa-tengening panjerat. Awit taneman pantoen poenika, taneman ingkang bakoe kanggénipoen tetijang tani ing ngriki (Indonesia).

Tjablaka dedoenoeng ing doesoen ingkang sitinipoen loh, boten wonten rawanipoen babar pisan. Dados manoet pamanggihipoen Commissie golongan B. B. bangsa Wlandi, ingkang ndikakaken matitisaken kawontenaning kantja doesoen, tanah-tanah ingkang tetijangipoen ing rikoe, sepen sebab ingkang andjalari angsal pitoeloengan saking negari bab soewaking *paos landrente* oetawi soedanipoen.

Toemrap sabin sabaoe (500 roe□ oet. 7100 m□) poenika pangloekoenipoen ± kaping 12 kèndjing × 4 inggih poenika bedah (ngloekoe sapisanan) sapisan, nggaroe sapisan, nglawet (ngloekoe kaping kalihipoen) sapisan, anglèr (nggaroe kaping kalihipoen) sapisan. Déné wragadipoen kala djaman pamedal siti inggil padjengipoen f 0,50 sakéndjingipoen, sapoenika namoeng ± f 0,30 dados béja medamel sadaja f 0,30 × 12 × 4 = f 14,40.

Matjoel oeroet galengan lan podjok-podjokan ± f 7.—

Tanem f 6,— Matoen f 4,— ngilèni toja f 5. Manawi panggènan koela sapara kalih welasing pamedal. Wragad ngreksa (ndjagi wantji daloe bilih kadjeng doerdjana lan nggoesahi peksi-peksi ama ing wantji sijang) apes f 5.— Panoembasing bibit (widji) ± f 2,50.

Paosipoen kirang langkoeng f 15.

Dados sadaja wragad sabin sebaoe telas f 14,40 + f 7 + f 6 + f 4 + f 5 + f 5 + f 2,50 + paos f 15 = f 58,90.

Déné pamedalipoen sabin sabaoe waoe ± 12 datjin oewos, pamedal semanten waoe kanggé ratjak-ratjaking sabin ing tanah ingkang klebet loh (sabin no. 2 oetawi no. 3). Déné padjengipoen (pandjenengan sadaja priksa pijamkak) inggih poenika ± f 6 sadatjin dados sadaja ± f 72 á f 80. Malah tjarik doesoen tangga koela ing salebetipoen minggoe poenika nebasaken pantoenipoen 4 baoe kirang 100 roe□ padjeng f 280 (kalih atoes woloeng dasa roepijah).

Pamedal resik ing sabaoe f 72— f 58,90 = f 13,10.

Ing nginggil koela sampoen matoer bilih sabin ingkang koela anggé tjonto, golonganing sabin loh, dados sataoen panèn kaping kalih, pamedal resik ing setaoen wonten f 13,10 × 2. Rèhné paos namoeng mbajar sapisan mila ladjeng tambah f 15. Dados goenggoeng resik f 13,10 × 2 + f 15 = f 41,20.

Poenika pamedal resik sabin sabaoe sadèrèk.

Manawi ngèngeti djembaring siti ing tanah Djawi kabagé ratjak oemat Indonésia ing riki (tanah Djawi) ± namoeng ⅓ baoe, saben djiwa satoenggal, lan bagéjan samanten waoe kedah dipoenèngeti malih jèn boten sadaja woedjoed sabin, nanging woedjoed pekarangan tegil lan sabin. Mangga sepinten aosing pamedalipoen? poenapa tjekap kanggé njambeti gesangipoen? Mila boten nama nggoemoenaken jèn gesangipoen kantja doesoen ratjak sami ngrekaos, boten sakedik ingkang namoeng neda sapisan sadinten toer lawoehan namoeng mirah wedaling kebon, panganggénipoen katah ingkang namoeng gatoeng kepoeh (tanpa gadah santoen). Jèn ngèngeti tatanan paos panggaotan kados kémawon, tijang ingkang pamedalipoen kirang f 10 ing sawoelanipoen, poenika boten kakénging-aken paos, mangka jèn kapétang resik tijang ingkang gadah sabin sabaoe poenika pamedalipoen kirang saking f 5 ing sawoelanipoen, poenapa inggih dèrèng pantes dipoentoeloengi? Koela kerep soemerep laré sekolah boten mlebet margi sindjangipoen dipoenanggé embokipoen dateng peken oetawi kasamboet bapakipoen dateng (kempalan oemoem).

Mangka ratjak-ratjakipoen sabin ing tanah kita ngriki ingkang sapérangan ageng, namoeng kénging dipoentanemi pantoen sepisan ing setaoen, lebar pantoen pala widja, ingkang aosipoen ratjak langkoeng sekedik tinimbang pantoen.

Tanem sata, sanadjan golonganing pala widja, pamedalipoen langkoeng katah (adji) katimbang pantoen, nanging wragadipoen oegi boten trimah tikel kalih. Dados oepami nanem sata sabaoe, dipoentjawisi wragad f 100 (satoes roepijah) dèrèng tamtoe manawi sampoen tjekap; malah koela wani mastèkaken jèn taksih preloe nèsèd bebedipoen kagantosaken (poenika taneman sata ing Kedoe); samanten waoe manawi sadaja mberahaken. Poen Tjablaka sampoen ngalami beberah nanem sata lan pantoen oegi wonten Kedoe. Sebab poenapa kantja tani ing rikoe kok remen nanem sata ingkang wragadipoen katah katimbang nanem pantoen? Inggih pamedalipoen oegi asring tikel tinimbang pantoen. Samanten waoe jèn noedjoe kleresan.

Sapoenika kaoeningana, tijang Kedoe ingkang nanem sata malah sami pringisan, saja katah anggènipoen nanem sata saja dangoe anggènipoen pringisan, saja nemen anggènipoen nggregesi. Tijang-tijang ingkang gadah samboetan radi kandel, mangka djagèn anggènipoen njaoer panènan sata, sampoen mrika-mrika tawi sabinipoen kapoerih ngleng, awit sata ingkang awon padjengipoen namoeng sabénggol sekatos, roemijin saged 25 sèn. Sata ingkang saé jektos taoen ingkang sampoen-sampoen saged sadolar, dèrèng wonten ingkang langkoeng 8 ketip sakatosipoen. Hara poenapa boten mrebes mili? La wong wragadipoen nggarap kémawon boten tjekap. Poenika njata sadèrèk. Poenapa sababipoen? Awit kedjawi mloroting reregèn, oegi kabekta katahing djawah kala sata taksih wonten sabin, dados sata boten saged dados, tjekak boten wonten sata ingkang saé jektos. Mila boten nama nggoemoenaken jèn lebeting paos landrente ing Kedoe sanget moendoeripoen jèn katimbang kala taoen kapengker. Kanggé taoen ingkang sampoen-sampoen waton sampoen woelan ber-beran, paos landrente sampoen sami voldaan. Sapoenika sampoen ber-beran wekasan, meksa dèrèng saged sah. Poenika gambar tjengkoronganipoen sadèrèk padoesoenan. Malah tangga koela tjrijos jèn (kanggé goedangan) sabektan ngajang kabekta dateng péken, pepadjenganipoen boten djangkep 12 sèn, hara poenapa boten memelas? Jèn kapétang berahan mbekta lan mendetipoen, poenapa taksih wonten aosipoen?

Koela tampi wartos malih jèn taneman djagoeng sebaoe reginipoen boten djangkep f 5 (poenika sakiwa tengenipoen Plèrèt Ngajodja). Jèn kabar poenika njata, poenapa boten sanget nlangsa, lagèk wragadé wé pira? Moeng arep kangèlan waé kok nganggo opah-opah. Mekaten gagasanipoen Tjablaka.

Tjekakipoen jèn kantja tani anggènipoen nggarap sitinipoen sroewa-sroewi amberahaken genah sampoen boten oman-oman.

Sampoen semanten kémawon kados sampoen tjekap andaran koela bab wragad lan pamedaling siti, kados sampoen boten perloe koela ngatoeraken reregèn gaplèk ing Goenoeng Kidoel ingkang sadatjinipoen ± f 0,26 lan pinten datjin pamedalipoen sabaoe, poenapa déné sepinten wragading penggarap jèn ta amberahna lan sapanoenggilanipoen.

poen: *Tjablaka.*

PRADJA RAHAJOE.

DEWI PRETIWI KEKES.

Para maos!

Pandjenengan sampoen maos *Sw. Tm.* ingkang mentas medal poenika? Sampoen namataken gondjinging tanah Tjina?

Sampoem nilingaken pandjeritipoen kawoela Tiongkok?

Nah.

Poenika gondjinging tanah wétan. Poenika mengkab-mengkabing boewana sepoeh, Asia.

Kilénan?

Arta!

Volkenbond ribed ngrembag boewana Asia, sadèrèk perang sami sadèrèk.

Kesoesoel pasambatipoen *kantja loewé* ing tanah Kilénan.

Parepatan bangsa dados saja oneng.

Tijang tanpa pandamelan sa Éropa lan Amérika wonten 17 joeta, wétan sambat kerengan, sereng sami sereng, kilèn . . . . ROTI apa PAGAWÉAN!!

Parepatan bangsa tanpa daja.

Ing Éropa wonten ada njoekani pandamelan dateng tijang nganggoer srana kapoerih njamboetdamel mbikak margi, damel grija, ndoedoek soesoekan lsp.

Sardjana A. oesoel makaten, sardjana B. mèntjep kanti mbekoeh lirih: h-h! harak padané oejah ketjemploeng kedoeng, mantra asin baé ora!!

Amérika wonten tijang soegih sagah njoekani arta *satengah mlijoen dollar* dateng sok sintena ingkang koewawi ngloedangaken, tjekap sarana pretikel tok, ngloedangaken reribeding donja bab bala anggoeran poenika.

Doemoegi sapoenika dèrèng wonten tijang tjloeloek kepéngin nglamar mbok-lara setengah mlijoen dollar waoe . . .

Poenika gambaring boemi, pangedoeming arta kirang radin, A. ngoendoeng-oendoeng, B. noempoek-ngoempoek-oempoek, C—doemoegi Z. nando . . . tijang 17.000.000 Bhentajangan . . .

Poenika film-djagad . . .

retoe

roewed|

keloewèn . . .

mila Dèwi Pretiwi kekes, moewoen, poetek panggalihipoen . . .

Kita??? jèn saged sampoen ketlompèn, sampoen brangasan, sampoen sembrana, sampoen wéja; . . . ngémoetana tangga tepalih pating bengkeneng, pating brekoeh, gredjegan, kaliren, perang pedjah-pedjahan . . .

Sampoen seneng dolanan latoe, tegesipoen sampoen sereng-sereng, sampoen neson, sampoen serikan . . . mangké jèn Hjang Dhahana moering, latoe dados nghalad-halad, jèn sampoen moebal: angèl sirepipoen . . . nolèha tanah Tjina, sinten saged njidem?? mirsanana Sepanje, sinten saged nentremaken . . .

Roeslan??

Ah, poenika sampoen karembag, awit sedyanipoen pantjèn sedija obat kanggé nggentoer donja . . .

Mila dèn saja ngatos-atos, jèn pandjenengan seneng dolanan geni, tegesipoen seneng damel dadakaning pasoelajan lan predondi, jèn kasoemerepan tjangoek Roeslan, wingking pandjenengan dipoen woer-woeri obat, jèn ketlompèn obat moebal, pandjenengan gosong, geseng, terkadang tiwas, tangga-tangga katoet kabesmèn . . .

Sasmita poenika??

Mangga kémawon, nanging jèn kaagem, Insja'Allah damel wiloedjeng.

Pasemon poenika??

Mila pasemon, dèn tanggap ing semoe, sampoen sami déné akil balèg temboeng sesamaran rak sampoen mapanipoen . . .

Tjobi. tjobi, prijantoen, koela bisiki, sapinten kesèkènganing manoengsa:

Ing Bèlgi oegi wonten sedya merangi bala anggoeran.

Kamidangetna akalipoen! Jèn boten goemoedjeng njata pandjenengan peng-pengan!

Mangga kawaosa: „Ing Bèlgi kéné gawéan ndoedoek Albert-kanaal lan gawé dalan montor miroenggan bakal bisa noeloeng koeli pirang-pirang poeloeh èwoe; manoet pètoengan pagawéan kabèh maoe boetoeh wektoe 550.000.000 dina; nanging *(lah, awas prijantoen!)* negara bakal koedoe oetang 5000.000.000. franc—emas"!

Hara-ta-na-ja, poenapa boten oedang-oedeng iket blangkon!

Samboetan 5 miljard saremanipoen gèk pinten ndalem setaoen?

Tjobi kagaliha? ngoeroegi bloembang ndoedoek soemoer!! . . .

Mila djaman poenika anèh: soesah kalijan loetjoe terkadang katjampoer adoek . . .

Ing Djerman akalipoen inggih idem . . . lan, sadaja waoe (o, harja Musolini!) wiwit taoen 1929 parté Fascist sampoen ngetjakaken . . . poenapa Musolini njata AWAS? mangga kémawon, nanging bab poenika waoe *njata!*

Ngandap poenika *angka* ingkang *bisa kanda-kanda:* taoen 1930, tijang

angoeran sadjagad		11.000.000
	sapoenika	17.000.000
Djerman	(Sèptèmber 1930)	2.800.000
	sapoenika	4.200.000
Inggris	(1930)	2.100.000
	sapoenika	2.800.000

Itali, Polen, Tjekoslowakije sami sangandapipoen 1 mlijoen.

Bèlgi lan Parangakik boten nebih-nebihi saking antawisipoen 100. kalijan 200.000.

Perantjis mila sakedik pijambak; amila sareng soemerep kawoela Tanah-dollar sami klèsèdan lan bhentajangan . . . kjai Perantjis ngleges: a . . . hm! tanah dollar! modal-madil! a . . . hm! (angka bala anggoeran Perantjis: 1930, 11.000; sapoenika 53.000; njata peng-pengpengan sa-ès-toe!)

Para maos!

Koela atoeri ngèngeti angka-angka nginggil poenika, lan koela atoeri ènget bab arak-arakan 50.000 ing Glasgow ingkang pating brekoeh poenika (*roti* apa *Gawéan!* dor . . séla njamber ting lsp.) . . . ladjeng. koela atoeri ndorèng-ndorèngaken dateng anak poetoe, poetra wajah, sentana abdi, amrih damanga, bilih kita ngantjik titi mangsa énggal, kita kedah moegen ing damel, boten perloe soemelang, babasan wadjidah-wadjidahoe, sapa-temen-tinemenan . . . . .

Bab poenika kagatosna.

Héraclitos.

KOEPLOEK LOERIK.

Wonten ing Sw. Tm. No. 47 koela sampoen njaosi tjoeplikan bab swadhesi lan pantesisme. Wonten ing parepatan ngrikoe Mr. Sartono ngandika kanggé nggigah para djaloe lan wanita moerih sami ngadjengi industrie kita tenoenan: „Apa patoet akoe nganggo tapih loerik klambi loerik?" Ing ngrikoe Mr. Sartono ladjeng njandra gandes loewesipoen para prija lan wanita ing Soerakarta manawi menganggé sarwa loerik. Para maos sampoen ngoenandika: „Ija baé Mr. Sartono ngalem wong Solo, djer pandjenengané ikoe prijaji Solo deles." Pantjèn njata boten kawon ngengreng lan pantes kalijan ingkang sami ngagem kain paris, kain gelas, kain gelap sétan l. s. p. Sadaja poenika wonten boektinipoen. Éwasamanten sanadjan loerik saweg koemboel, nanging wontenipoen nangingipoen, poenika lo:

1. Sedijo-Tomo 20 November ngewrat makaten:

Serat kabar „Soeara Oemoem" njarijosaken ing Balé Poestaka wonten awisan; poenggawa ngrikoe boten kénging nganggé koeploek loerik. Sampoen kalampahan wonten poenggawa ingkang manawi mlebet, koeploekipoen kalebetaken ngesak.

2. Nanging, koela atoeri nanding

ISINIPOEN.

Kaoem tani bentajangan — Dèwi Pertiwi kekes — ngGoejoe — Film Djakarta — Swanten saking Soerabaja — Journalistiek — Ngobral ing mangsa malaise — Goentingan pers — Saking pakempalan — Pangandika dalem K. S. Bapa Pius XI — Watjana manéka warna — Oerap-sari — Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Dados pamanahan.

Sedya-Tama 4 December 1931 ngemot karangan bab medalipoen Ir. Soekarna. Ingkang dipoenrembag inggih poenika katresnanipoen anak-anakipoen Ir. Soekarna. Déné ing poendi-poendi wonten komité badé mahargya.

Sedya-Tama awewaton *Het Nieuws* koewatos, bokbilih Paréntah damel kagolipoen katresnan waoe, djer manoet *Het Nieuws* medalipoen Ir. Soekarna badé kanggé wados, perloenipoen kanggé mékani sampoen ngantos wonten demonstratie saking kalangan Rakjat, langkoeng-langkoeng tilas warga P.N.I. *Sedya-Tama* moengel makaten:

Manawi ingkang katjarijosaken *Het Nieuws* poenika njata, saking roemaos koela paréntah toemindak boten waskita. Énget: kados poenapa raosing manah tresna ingkang kadamel tjoewa: Oeger temenan anggéné andjagi, boten-botenipoen ingkang sami metoek ladjeng damel demonstratie, ingkang moetawatosi toemrap katentreman oemoem.

Sedya-Tama mrajogèkaken Paréntah Walandi noelad Inggris, ingkang kala Mahatma Gandhi wonten pakoendjaran, dinten medalipoen boten kanggé wados.

Poetoesanipoen *Sedya-Tama*:

Mila, sampoen ngantos Paréntah anganggé wados dinten medalipoen Ir. Soekarna. Mindak: gawé gela.

Prakawis medalipoen Ir. Soekarna poenika pantjèn boten gampil. Namoeng kémawon: Paréntah kedah ndjagi katentreman oemoem (algemeene rust oetawi algemeene welzijn), awit poenika sampoen dados wadjibing Paréntah. Katentreman oemoem poenika toemoesipoen inggih dateng tijang sadaja, inggih Walandi, Arab, Tionghoa, Djawi lan sapanoenggilanipoen, tjekak tijang sadaja, saged oegi satanah Djawi oetawi sa-Indonesia.

Toemrap Paréntah lanjeng wonten pitakénan: Apa kaanan India Inggris kaja kandané Sedya-Tama kena ditiroe, ditjakaké ing kéné? Jèn ora kena, apa sababé? Manam Ir. Soekarna metoené digawé wadn. apa katresnané anak-anaké ora kagol? Jèn kagol bandjoer kaprijé?

Paréntah wadjib manggalih kados makaten waoe katanding kalijan katentreman oemoem.

Manawi Paréntah kepeksa damel gela, ladjeng kados poendi?

Samangsa katranganipoen Paréntah saèstoe maton, sanadjan ngriki gela, meksa kedah nrimah, amargi poen nalar wening ngèngetaken jèn poenika kanggé katentreman oemoem.

Djalaran ngèngeti katentreman oemoem tegesipoen soepados ing poendi-poendi tentrem, temtoe kémawon Paréntah ngoedi sampoen ngantos damel gela, dados manawi Paréntah boten kepeksa sanget-sanget ing pandjagi, sarta ing golongan ngriki (komité lan sasamin[illegible] poen) sami reréntjang, amrih sa[illegible] toemindak saé, koela poeroen t[illegible] gel, Paréntah temtoe nglilani n[illegible] sami ngatingalaken katresnan.

Ingkang dipoenwékani Paré[illegible] poenika tijang ingkang bodo, ingkang watak groesa-groesoe, boten ènget jèn ing sadaja prakawis ingkang magepokan Parèntah, katentreman oetawi karahardjan oemoem (algemeene rust oetawi algemeene welzijn) poenika kedah kadamel nomer satoenggal.—

AKING PAKEMPALAN.

Parepatan warga K. W. afd. Gondang-Lipoera kala 29 November 1931, djam 5,15 sijang — 8,45 daloe.

Parepatan manggèn ing Neutr. Standaardschool Gondang-Lipoera. Warga ingkang rawoeh 20. Sadèrèk pangrèh 6.

Kadjawi poenika katengganan saking wakil W.K.; P.P.K.D., H.D. toewin P.L.

Déné dapoekaning rembag:

I. Pamboeka.

II. Maos notulen.

III. *a.* Nampi verslag saking Commissie Ngèsti Rahajoe, ingkang samangké kanamakaken A.R.K.A. (Anggajoeh Rahajoe, Kaloehoeraning Allah). Statuten A.R.K.A. kawaos — parepatan moepakat. Ing samangké A.R.K.A. tetep sampoen madeg.

b. Nampi verslag saking Hollandsche Cursus Commissie. Verslag kàpasrahaken ing toean panitra Commissie.

Déné verslag — Rèhning ingkang njagahi ngasta moelang pindah dateng Semarang, mila Commissie kapeksa boten saged nindakaken padamelanipoen, ingkang poenika — padamelanipoen Commissie kapasrahaken, katjaosaken kondoer dateng K.W.

Poetoesaning parepatan — ndamel Commissie malih, lan Commissie waoe mawi kabantoe ing pandjenenganipoen M. Siswaharsana.

c. Nampi panjoewoenipoen — Comité pados dana kanggé njampeti kabetahan ing Goentoer-Geni; inggih poenika soepados Comité kasbat, kaakena lan kaajomana ing K. W. Poetoesaning parepatan — panjoewoenan katampi kanti tangan kakalih.

Comité badé njamboet damel sasarengan kalijan K. W.; djalaran roemaos mesakaken, samangsa woelangan agami, papanipoen sampoen kebak (kapèl ing Goentoer-Geni). Ing samangké tjatjahing tijang sepoeh oetawi laré ingkang sampoen babtis wonten 73, déné ingkang woelangan katingal madjeng.

d. Nampi verslag saking Pangtoekti Laja.

Rèhning Statuten lan H.R.-ipoen P.L. ing soewaoe dèrèng kaabsahaken, mila wekdal poenika oegi toean panitra P. L., pandjenenganipoen M. Soemaatmadja merslag kanti tjekak aos.

Pinanggihing poetoesan — „moepakat."

IV. Feest-Decemberan. Rèhning njarengi wekdal malaise, mila pangrèh K. W. oesoel soepados ramé-ramé poenika boten soesah kawontenana, kabekta roemaos kawraten anjanggi sadèrèk sadaja toewin para laré-laré kados ingkang sampoen-sampoen. Wasana poetoesaning parepatan: Feest kanggé sadèrèk sepoeh kapeksa boten saged katindakaken, déné ingkang kanggé para laré-laré meksa boten saged katilar, djer inggih nama mesakaken, déné laré-laré waoe saking papan tebih (7 of 8 paal) toer ing wantji daloe, ndèrèk Mis Soetji dateng ing Gandjoeran. Ingkang poenika K.W. ngwontenana lijst panjoewoenan dana — déné angsal-angsalanipoen kénginga kanggé mbebingah para laré-laré waoe.

V. Oesoel-oesoel nampi warga.

VI. Pitakènan lan panoetoep.

Verslag-gever

I.

Saraséan K. W. ing Ngidjon.

Tanggal 6-12-1931 K. W. Ngidjon ngawontenaken Saraséan warga, manggèn ing sekolahan Vervolg Klepoe. Warga ingkang rawoeh: 8

Bestuur ingkang djangkep 5.

Tamoe „ 2. Déné ingkang karembag: 1. Pamboeka. 2. Decemberan 3. Aksi Katholiek. 4. Roekti-Woeri. Bèrèsing dana loemintoe P. P. L. lan K. W. 6 Oesoel-Oesoel.

Pangarsa nglairaken geng panoewoenipoen déné para warga sami merlokaken rawoeh: kasambetan panitra maos notulen, toemoenten kaabsahaken.

Agenda no. 2. Decemberan Pangarsa ngandaraken bilih sampoen mèh dinten pangémoetémoet wijosan Dalem G. J. mila ing K. W. ngidjon ngawontenaken comité.

Agenda. 3. Aksi Katholiek: Pangarsa madjeng tinampèn oelat manis: ing ngrikoe Pangarsa bab Aksi Katholiek mendet tjonto. Soegeng Dalem Goeti Jésoes ing salebetipoen nindakaken moetjal 3 taoen dipoenkoejakoeja, ngantos nemahi séda, perloenipoen namoeng damel mareming panggalih Dalem G. A. mila kita tijang Katholiek inggih anggadahana tradjang, antjas, oetawi I. D. Tjekak sosorahipoen Pangarsa mendet tjontotjonto katah sanget, ngantos para warga kekéngingan panggalihipoen, lan nitik polatanipoen para warga kados sami ketoewoehan oetawi tangi, goemrégah I. D. nipoen.

Agenda 4. Gandéng lan aksi Katholiek Pangarsa K. W. oegi sesorah sawatawis: bilih aksi Katholiek poenika kénging toemindak sarana kadonjan. Mila sarèhné kita Katholiek poenika inggih betah indaking pamedal, moegi-moegi sami mboedidaja indakipoen. Déné jèn kantja goeroe sami njèlèngi wonten ing O. L. mij Boemipoetera; nanging sarèhning Roekti-Woeri sampoen wonten, prajogi dateng tjèlèngan Roekti-Woeri. Nitik oelatipoen para Warga kados goemrégah badé neda loemebet dados warganing Roekti-Woeri.

Agenda 5. P.P.L. lan K.W. gandèng dana loemintoe. Rèhné woelan December poenika toetoepan taoen, sadaja pakempalan kedah damel verslag; nanging para warga K. W. Ngidjon a. c. c. jèn verslag béndjing woelan Janauari 1932. Djalaran woelan December poenika saweg aroengan (katah) pandamelan; bab dana loemintoe pinanggih bèrès.

Saraséan kèndel sakedap. Sinambi ngoendjoek wédang lan dahar njamikan lan nampi warga énggal kalih.

Agenda no. 6. Oesoel-oesoel.

Sadèrèk P. Darmasoemarta adjak-adjak ngedegaken andeel; nanging rèhning rembag; ingkang badé katindaken taksih mengeng mila kawangsoelan sarèh roemijin. Sadèrèk: A. S. Mitraatmadja oesoel, soepados jèn woetjalan ing wantji daloe, wontena ingkang ndjagi fiets, oesoel tinampèn lan teroes netepaken; gentosan.

„Djam 12. 20" rembag-rembag sampoen telas, Saraséan katoetoep kanti Sambahjangan Malaékating Allah.

Verslaggever.

---

malih; poenika wonten serat dawoeh.

Ing serat kabar papréntahan Soerakarta ingkang dipoenkemoedèni pandjenenganipoen: R. M. H. Padmonagoro, R. T. Soerodipoero R.T. Mr. Wongsonegoro, ingkang no. 20 15 October 1931 koela manggih dawoeh:

Golongan papréntahan pangrèh Pradja.

Angka: 2112 A/$^{1}{}_{1}$

Bab: Loerah kampoeng sarta doesoen manawi konperènsi, kaparengaken nganggé rasoekan loerik.

Dawoehipoen Pepatih Dalem doemateng abdi dalem Boepati kita Soerakarta, serat patoeran katitimangsan kaping 28 September 1931 angka 2031/$_{1}$ A/$_{2}$ sampoen kaoeningan, bab panganggénipoen rasoekan loerah kampoeng sarta doesoen, manawi sowan konperènsi poenika kaparengipoen Pepatih dalem, gandèng kalijan kaparengipoen nagari sasaged-saged ngadjengaken panggesanganipoen para kawoela dalem, dados oegi ingkang pakarjapoen nenoen, mila karsanipoen nagari manawi boten nganggé rasoekan tjemeng, kénging manganggé rasoekan atéla oetawi beskap loerik dasaripoen ingkang pantes, inggih poenika oegeripoen boten lorèklorèk panoenggilanipoen ingkang kawastanan loerik gandarija, ladjeng kadawoehan ndawoehaken.

Kantor Kapatihan kaping 7 October. 1931.

Wongsonegoro.

3. Mitoeroet Indonesia Moeda no. 10 November 1931, katja 5 —Para maos temtoenipoen pirsa, bilih I. M. béndjing December poenika damel congres wonten ing Mataram — ing pérangan excursie:

Atoeran jang amat penting.

Dari sebab kita akan masoek di kraton, dan tiada akan menerdjang [illegible]eran-atoeran jang diadakan di [illegible]ton, maka kita haroes menghor[illegible]i atoeran-atoeran jang diadakan. [illegible]oe:

Djikalau masoek ke kraton kita *DJAPAT* memakai pitji (Muts Indonesia) teroes.

Djikalau kita berpakaian *DJAWA TIDAK BOLEH.*

a. memakai: sloffen.

b. memakai: kain parangroesak.

Haraplah toean-toean excursisten memperhatikan ini atoeran.

—o—

4. Wangsoel koeploek loerik. Mitoeroet watonan kalih bab nginggil poenika, toer ingkang satoenggal toemindak ing kradjan Soerakarta hadiningrat, satoenggalipoen toemrap kraton ing Mataram, mawi koeploekloerik poenika sampoen boten barangbèrèng. nDatengi conferentie kepareng nganggé rasoekan loerik, sowan kraton ing Mataram kepareng nganggé koeploek. Badé poenapa malih. Mangga ta, koela atoeri manggalih.

Ing Kedjawèn wedalan Balai-Poestaka ngrikoe wonten serie artikel bab loerik toer mawi gambar Pétroek lan Garèng sami loerikloerikan, moerih madjengipoen loerik. Tjotjog Solo moerih dagangan loerik saged saja madjeng. Namoeng Balai-Poestaka ladjeng nama boten konsekoewèn. Manawi Solo konsekoewèn sanget. Soerjasoemirat temtoe toemoet Solo, djer Solo konsekoewèn toer lelandesanipoen saé.

Ngadjengaken panggesanganipoen para kawoela dalem vide circulair nginggil. Ing Sw. Tm. no. 47 oegi sampoen martosaken bilih pakempalanipoen para Zuster van Nazareth sampoen gadah pamoelangan tenoen: ing Bogor lan ing Semarang.

Kala tg. 11 October 31 koela késah dateng Mendoet ningali tjandi Mendoet. Ladjeng sipeng wonten ing dalemipoen sesepoehipoen kadang kita Katholiek ngantos sawatawis dinten. Wonten ngrikoe rembagan prakawis warni-warni, wasana oegi njandak, bilih rama Satiman wonten ing tlatah Kalibawangan oegi ngadjengaken bab loerik. Dados sapoenikanipoen ngrika-ngriki sami nenoen loerik. Jèn kalampahan katah barang loerik, nanging boten sami kersa ngagem rak nama éman sanget.

Rèhné poenika mèh vrij Decemberan, lan ngèngeti wekdal malaise, medal Sw. Tm. poenika koela voorstel soepados para sadèrèk koela ingkang wonten P. A. M. S. lan N. S. Moentilan, Ambarawa lan H. I. S. lan fröbel Mendoet, manawi sami neda panganggé, nedaa loerik kémawon.

Poenapa nama ngidjèni bilih siswa P.A.M.S., N.S. lan Mendoet sami menganggé loerik? Boten! Moerid H.B.S. Semarang ingkang Indonesiers wanita oetawi prija sampoen katah ingkang sami moetjoeki nganggé loerik. Temtoenipoen kita orang ingkang sepoeh kedah noeladani ngambah ril Swadhesi, lan nebihi pantesisme ingkang sampoen². Ketjik isiné sawo, nèk pantjèn betjik bok gèk ajo!

Soerjasoemirat.

NGGOEJOE!

Djaman mleseg, saweg awis goejoe. Nanging koela maos orèhanipoen Goes Djarwa ing Sw. Tm. no. 49-4-12 '31, meksa saged 'nggoejoe. Mila koela matoer noewoen dateng Goes Djarwa, déné saged 'ndamel goejoe koela!

Poenika ta panggènan: „S. K. lan Sw. Tm. sadèrèk djaler èstri ingkang manis, soegih kawroeh enz. Poenika pantjèn njata saèstoe. Ing rikoe wonten oekara: „Ing semoe taksih sekedik sanget, ingkang sami sowan wonten dalemipoen para gotrah Kath.—(poenika njata)— Sanadjan dalemipoen para goeroe (poenika klintoe). enz." Inggih poenika ingkang anggèn koela 'nggoejoe, ngantos kapireng ngriki.

Awit kanggé goeroe-goeroe Missie ing sakoekoeban Medari „prasasat" sampoen sami dados lengganan sadaja. Ingkang boten kantoen sakedik sanget, (sebab . . . ? tjoepet!). Éwadéné boten kétang nempil, inggih sampoen nami lenganan. Mangga koela atoeri métang: Standaardsch. Medari goeroe 5, ingkang lengganan 4, ingkang dèrèng 1. Vervolg Sléman goeroe 2. ngebon sadaja, Schakel Sléman goeroe 4, roemijin sampoen sadaja, sapoenika wonten goeroe ènggal ingkang dèrèng ngebon. Goeroe H.I.S. Trijasa, inggih sampoen lengganan sadaja. Toeri sadaja, Sanadjan gr. doesoen. Denggoeng, Brengosan, Kadisaba, Kadisana, Plaosan, Nglempong, Dera, enz. oegi sampoen lengganan Sw.T. langkoeng-langkoeng Tamtama.

Dados tetéla pendoemoekipoen Goes Djarwa, boten lepat. Nanging klintoe.- Déné tijang R. K. Medari, sadjawining goeroe, poenika sadaja dédé intelèk, ingkang saged maos aksara Djawi kémawon awis-awis (kadjawi laré-laré)

Mila mèmper jèn boten sami lengganan serat kabar. Déné goeroe, dèrèng sadaja sami lengganan koran 2 oetawi 3 poenika, sapérangan ageng, boten sebab dèrèng ngertos dateng ginanipoen, nanging ngertos

VAN L. STICHTING.

Poenapa pandjenengan kanggé woelan poenika sampoen ngintoenaken arta CONTRIBUTIE kanggé V. L. S.

Penningmeester V. L. S.
2e. Convict
Moentilan N. I. S.

jèn *ngebon koran poenika kedah mbajar, kados mestinipoen.* Mila langkoeng prajogi ngemèk kantongipoen roemijin. Langkoeng saé boten ngebon koran, tinimbang ngebon koran nanging sampoen wantji makaten dèrèng loenas, malah wonten ingkang dèrèng nitjil.

Saja 'nggoejoe malih, déné Goes Djarwa betah ngadjengaken Serat kabar, soepados tijang ingkang dèrèng lengganan, sami poeroena dados lengganan, teka medal ing serat kabar. Poenika koela mastani sakedik ginanipoen. Awit wongsal-wangsoel ingkang maos lan ingkang ngertos, inggih namoeng tijang ingkang sampoen lengganan, ingkang anggènipoen ngroemaosi betah serat kabar, wiwit sadèrèngipoen maos adaran. Koela kinten jèn namoeng mawi lampah makaten kémawon kedangon sanget. Awit ingkang mireng andaran waoe, boten badé langkoeng saking tjatjahing lengganan wingi-wingi.

Inggih poenika djalaranipoen anggèn koela 'nggoejoe ngantos kewijaren doemoegi ngriki.

Poenika tegesipoen boten namoeng toemoedjoe dateng Goes Djarwa, nanging dateng kita sadaja (koela inggih katoet), sinten ingkang badé ngoedi, amrih mindaka tjatjahing lengganan, langkoeng saé sarana sesorah-sesorah wonten ing parepatan-parepatan oetawi kados tjaranipoen kem. manggihi ingkang dèrèng lengganan katerangna ing satjekapipoen. Mawi dedasar sabar lan tlatos. Tjara tijang pados-pados ngaten, adja pati-pati lèrèn, jèn doeroeng olèh.

Mangga tjobi dipoenajati sareng, boten oesah katah-katah, pandjenengan prijantoen 1 ingkang sampoen dados lengganan, koela atoeri narik tijang 1, ngantos poeroen dados lengganan énggal. Mangké tjatjahing lengganan rak dados tikel kalihipoen sapoenika. Jèn tjara makaten waoe dipoenladjengaken, ing béndjing badé dados pinten?

Ngertosa, jèn poenika dédé betahipoen Goes Djarwa idjèn. Nanging betah kita.

Mila koela oegi teroes badé dados lengganan, lan teroes badé bajar, pinten reginipoen! Jèn boten saged kentjèng, inggih badé koela tjitjil saben 3 woelan sapisan. Déné jèn meksa kepèpèt sanget meksa boten saged nitjil, inggih waton boten ngantos noenggak. Kados woelan December poenika mesti kedah bajar loenas. Awit koela ngertos jèn gesanging koran poenika betah sanget mawi arta.

Koela boten betah wangsoelan temboeng, tjekap dipoenwangsoeli mawi njatanipoen kémawon.

poen Makna.

FILM DJAKARTA.

(Wolak-waliking kawontenan).

Sinten nginten bilih ing *Sw. Tm.* lan ing *S. K.* wonten tjoeplikan saking pers-petak ingkang moengel „het westen lijdt veel meer dan hèt Oosten?"

Sinten njana, bilih mangsa malaise regining tarip bus — B. V. M. ing Djakarta badé kainggahaken?

Sinten njana, bilih katah pambengok amrih soewakipoen Pasargambir, bioskoep ing Djakarta (Betawi — Weltevreden — Meester Cornelis) ingkang katahipoen sampoen 14 poenika *taksih* badé wewah malih dados 15?

Mila kawontenan ing alamdonja poenika boten kénging kanjana-njana.

Roemijin koela matoer bab *Radio-Holland* manawi panggesanganipoen ingkang bakoe njéwakaken pirantos radio dalah sapoenggawanipoen dateng maskapé-maskapé kapal ingkang kapalipoen ngambah Indonesia ngriki; ingkang makaten waoe poenapa ladjeng Radio Holland boten poeroen nglantaraken kabar saking ngriki dateng negari Welandi lan dateng tanah mantja sanès? Lan poenapa mila namoeng mligi njéwakaken pirantos radio tok?

Boten makaten.

Radio Holland inggih dados toekang nglantaraken kabar medal radio lan inggih sadé pirantos radio, nanging padamelan ingkang saged ngedalaken kaskaja saèstoe namoeng bab njéwakaken pirantos waoe. Pamedal sanèsipoen (kintoen kabar lan sesadéan) namoeng prasasat bledoeg.

Bab uitverkoop?

Bab poenika boten wonten telasipoen, awit njarengi badé ramé-ramé .... Sinjo Kolaas lan Désèmberan *lan* taoen baron. Liquitatie uitverkoop, wederdienst uitverkoop, obral besaar, jaarlijksche opruiming, poenapa malih? Taksih katah sanget, bendé ngangkang, wonten ingkang brèng-brèng, wonten ingkang .... tjekak warni-warni sanget.

Poen *Tom* saweg mlampah, dipoentjegat, dipoensoekani biljèt salembar, djeboel inggih . . . uitverkoop.

Mila ngantos ngoeneg-oenegi, djelèh, poendi-poendi tjarijosipoen: djoeal moerah, dongipoen inggih . . . sami mawon, oetawi kala-kala malah ngantem-seroe.

Ing rèhné tram élèktris sapoenika inggih sampoen dados darbèkipoen B (ataviaasche) V (erkeers) M (aatschappij) mila koela boten goemoen nalika soemerep route Senèn-Batavia via Goenoeng Sari kaambah Stoomtram, ingkang soewaoe namoeng mligi margi tram élèktris.

Koela matoer bab bioskoep énggal, poenika doenoengipoen wonten tjelak Kebondjeroek, lan kabaripoen ingkang gadah bangsa 'Arab.

Mila bangsa 'Arab wonten Djakarta sentosa saèstoe; koela tepang kantja 'Arab, pesadja barès, semanak, nedahaken petoek ingkang soeraosipoen njebataken bilih pijambakipoen gadah aandeel 100, à f 500! Hara pinten poenika? rak f 50.000!

Pijambakipoen wonten Djakarta gadah grija 15! (séwan).

Grija bregas, énggal, bandjengan pandjang, ingkang roemijin sampoen naté koela sebat wonten Sw. Tm. ngriki mawi temboeng „tjelak Harmonie, ingkang wangoenipoen sanget ngétjé" — koela mireng kabar ingkang gadah inggih .... bangsa 'Arab.

Manawi ngémoeti ing Djakarta bangsa 'Arab wonten kalih golongan, ingkang bab pilahing golongan inggih ngantos ketingal toemoes ing babagan pamoelangan (awit ing Djakarta *katah* pamoelangan ingkang kaedegaken saking initiatiefipoen bangsa 'Arab), lan ngèmoeti gèsrèkipoen golongan kalih waoe kerep sanget kabèbèr ing pers (oepami *Bintang Timoer* lan *Siang Po)* lan ngèngeti katahing grija lan pasitèn poenapa déné panggaotan ingkang dados darbèkipoen golongan 'Arab, lan bangsa 'Arab angsal wakil wonten .... Raad kawoela, njata bangsa 'Arab wonten Noesantara ngriki, langkoeng-langkoeng wonten Djakarta, bobotipoen boten ampang.

PANGANDIKA DALEM I. S. K. SANTO BAPA PIUS XI.

Pasamoean Soetji ndjoendjoeng dradjading kantja alit sarana ngetjakaken piwoelangipoen.

a. Ing poendi-poendi, piwoelang wewatonipoen Léo XIII roemasoek ing manahing tijang-tijang, sarta margi saking pangoedining para ahli-kawroeh, ingkang nedahaken margi, piwoelang waoe oegi ladjeng dipoenetjakaken. Ingkang perloe kasoemerepan roemijin inggih poenika: katah tijang ingkang kentjeng sarta saé pikadjengipoen, ingkang sami merlokaken ndjoendjoeng dradjading golonganing tijang, ingkang djalaran saking adjenging pabrikpabrik tjatjahipoen samangké dados katah sanget, mangka tetijang waoe wonten ing djagad sesrawoengan prasasat boten nggadahi dradjad, mila ladjeng kados-kados boten kopèn sarta dipoensapèlèkaken. Golongan ingkang kados makaten poenika golongan kantja berah, ingkang kabatosanipoen kedah dipoendandosi déning para Imam inggih bangsa wereldgeestelijke inggih bangsa kloosterling. Ing bab poenika para Imam kedah noelad Biskopipoen, ngepeng kasregepanipoen ngantos ngedalaken woh. Sanadjan Imam-imam waoe margi saking anggènipoen ngetjakaken pangkating pangèn sampoen kekatahen pandamelan éwasamanten prakawis ndandosi kabatosaning kaoem berah kedah dipoentindakaken.

Kantja berah ngertos dateng aosing badanipoen.

b. Nglebetaken raos Katoelik ing manahipoen kantja berah tansah kanti ngrekaos poenika oegi andjalari kantja berah ngertos dateng sadjatosing aosing badaniboen pijambak, woesana sabakdanipoen dipoenngertosaken bab wewenang lan kwadjibanipoen kantja berah, ladjeng oeroet margi ingkang leres saged saja katjekapan sarta malah saged dados panoentoening kantjanipoen.

Manggih réka-daja.

c. Djalaran saking poenika kantja berah ladjeng saged angsal saranasarana ingkang tjekap lan goematok kanggé gesangipoen, awit tetijang boten ngemoengaken ngindakaken katahing jejasan, amrih saged mitoeloengi sesami, nanging oegi ngedegaken pakempalan, saja lami saja katah. Ing ngrikoe para kantja berah, toekang lan tani tjekak tijang ingkang njamboet damel poenapa kémawon sarta angsal épahan saking sanès, sami toeloeng-tinoeloeng.

(Encycliek „Quadragesimo anno").

Rèhné koela sampoen nggepok bab pamoelangan, mangga kaladjengaken sawatawis:

Dèrèng wonten saminggoe koela mentas toewi .... *Sedarschool.*

Lho, poenapa poenika?

Roemijinipoen koela kinten poenika inggih bangsanipoen *Al. Ichlas school* oetawi *Al. Irsjad School,* ingkang kalih-kalihipoen kénging kaseboet darbèkipoen bangsa 'Arab. Djeboel kawontenanipoen boten makaten.

Sedarschool poenika darbèkipoen pakempalan wanita Indonesia ingkang namanipoen sampoen kalok ing poendi-poendi, boten lija pakempalan *Isteri Sedar.*

Koela mireng katrangan makaten poenika goemoedjeng, batos koela: é, dadi Sedarschool koewi rong temboeng, temboeng Indonesia „sedar" karo temboeng Landa „school" . . .

Moeridipoen Sedarschool ing Gang Alfoe (tjelak Kebondjeroek) saweg watawis 27 lan kadjangka manoet tatanan H. I. S., Goeroenipoen prijantoen wedalan Mulo, lan .... prijantoen *Djawi.* Ing pamoelangan Melania ing Kebondjeroek, ingkang sapoenika manoet pétangan moeridipoen trep wonten 200, goeroenipoen sadaja gangsal, inggih *Djawi.* Pamoelangan Al. Ichlas, boten tebih saking Gang Kebondjeroek, goeroenipoen mèh sadaja .... *Djawi.* Radi tebih nanging badé dados tjelak kalijan Melania, i. p. pamoelangan Taman Siswa, manawi boten klèntoe, sadaja goeroenipoen inggih *Djawi.* Wingking ngèntjèng-èntjèng pamoelangan Melania, wonten Strada Standaardschool, goeroenipoen sadaja . . . Djawi (Dados . . . sadèrèk Djawi wonten laladan Kebondjeroek ngrikoe kénging kawastanan ndepani kalangan onderwijs . . . sakedik soewoeripoen nanging djembar tebanipoen lan lebet tandjanipoen . . .

Para lengganan, ingkang dèrèng ngesahi arta lengganan, dipoenatoeri énggal ngesahi; margi taoen 1932 mèh dateng. Sadèrèng lan sasampoenipoen matoer noewoen!

ADM. SW.-TM.

Bab *Djawi Sarékat?*
Prajogi.

Kala dinten Minggoe 29 November poenika Djawa Sarékat damel parepatan, ingkang dateng warga .... 5! Temtoe kémawon parepatan boten dados. Awit tjarijosipoen warga sadaja sampoen wonten 40. Kantja Katoelik ingkang nenggani parepatan waoe gela. Lan manoet pratélan-pratélan ingkang koela tampi, djerohaning pakempalan dèrèng ..,. djangkep! Ananing rèhné saged oegi Tom badé kepanggih pijambak kalijan ingkang ada² pakempalan waoe, para maos samikaatoeran sabar roemijin. É, mbok bilih Tom mangké aged ngatoeraken oenderaning prakawis ingkang saèstoe.

Mangsoeli bab wolak-waliking kawontenan malih.

Senadjan mangsa maleise, inggih meksa wonten tanda-tanda ingkang boten mèmper kelampah ing mangsa ribed poenika: ing ngadjeng setasijoen „Betawi" wonten grija ndjenggarang mèh rampoeng, bleg saking cement, gadahanipoen Nederlandsche Handelmaatschappij, mbok manawi grija poenika ingkang ageng pijambak sa-Djakarta, kadamel 20 woelan laminipoen dèrèng rampoeng.

Lan grija tjelak ing Harmonie waoe, ingkang doemoegi sapoenika ingkang isi namoeng watawis saweg 2 kamar .... lan bioskoep tjelak Kebondjeroek, lan .... grija sanèsipoen taksih katah sanget ingkang saweg kadamel ... ing dalem mangsa mlèsèd lan mlèsèd-mlésèd ....

Ing Hamburg inggih wonten grija ndjenggarang ingkang lair ing dalem mangsa inflatie poenika ....

Setasijoen ing Milan, Itali, sapoenika saé pijambak sa-Éropa, lairipoen inggih ing mangsa mleseg...

Dados: mangsa mleseg poenika njata mleseg toemrap ingkang saweg keté, nanging toemrap ingkang sawoengipoen saweg kloeroek, ah, dédé mangsa mleseg, nanging mangsa .... ngangseg!

Mila-mila-mila, *niets nieuws onder de zon*, djaman bapa Jakoeb, tanah Kenangan pailan, mleseg, tanah Mesir redjeki tirah-tirah ....

Mila boten perloe koewatos, waton kita ngatos-atos lan manteng ing panoewoen, boten perloe was; awit .... boten kainan.

Mangsa mleseg, ... waoe let 5 menit koela langkoeng Pasar Baroe, pinggir margi kiwa tengen kebak auto, raménipoen kados sekatènan .... o, ironie van den tijd!

(C. C. Djakarta).

De Regisseur Tom.

SWANTEN SAKING SOERABAJA DOEMATENG SADÈRÈK TOM ING DJAKARTA.

Wijosipoen Kangmas, koela sampoen maos karangan pandjenengan wonten ing Sw. Tm. No. 49 tanggal 4 December 1931, ingkang asesirah „Film Djakarta".

Tjekak aos, atoer wangsoelan koela makaten.

Poking karangan pandjenengan, wontenipoen namoeng maiben lan goemoen déné Sw. Tm. lan S. K. tansah sepen pakabaran saking Soerabaja toewin Semarang.

O, memang begitoe, Boeng! Menggah sababipoen?

Mila Sw. Tm. lan S. K. tansah sepen pakabaran saking Soerabaja, saking panginten koela djalaran:

1. Sadèrèk Kath. Djawi ing Soerabaja poenika sapérangan ageng tjara peksinipoen teksih nama „semoeri-soeri". Liripoen mèh sadaja teksih nama laré, inggih laré ingkang teksih sami kirang seserepan, poenapa déné kirang mangertos dateng maatschappelijke deugd. Dados inggih teksih kirang wantoen manawi kapoerih ngempakaken pènipoen wonten ing madyaning serat kabar lan sapanoenggilanipoen. „Waniné moeng njang enggoné embokné déwé!" (Sic.? Red.).
2. Sadèrèk ing riki mèh sadaja tebanipoen wonten ing salebeting padamelan patikeliran. Wonten ing Handel saha ing papan sanèsipoen. Tjekak, mèh sadaja Kaoem Berah ingkang njamoet damelipoen sadinten moepoet. Panjerat pijambak njamboetipoen damel wiwit djam woloe éndjing doemoegi djam woloe sonten. Jektos, lo! Kirang pitadosipoen kénging kanjatakaken.

Dados wekdal ingkang badé kanggé ngarang lan pados ingkang dipoen karang mila boten wonten. „Hla wong wektoe sing kanggo ngrasakaké sajahé waé koerang djeboel ndadak dikon ngarang-ngarang barang." Djeboel pandjenengan malah maiben. Dipoenwastani bilih sadèrèk ing Soerabaja poenika damelipoen namoeng soelieng-soelieng inspectie Pasar Toeri. É, hla ketanggor! Pandjenengan ngandika, bilih let sakedap Soerabaja badé dipoenkèker saking Djakarta. O, baik! Nanging lebih baik pandjenengan koela atoeri ngampil kagoenganipoen toestel kémawon dateng soerabaja, kanggé milm. *) Dados langkoeng terang, toer boten oesah ngagem kèker poenapa. Manawi pandjenengan kersa tindak dateng Soerabaja ingkang namoeng perloe badé MILM, rawoeh pandjenengan badé koela tampèni kanti tangan kalih.

Soerabaja, 8 December 1931.
Rs. SOEMRAH.
(Sanès nama aling-aling).

*) Nanging taksih lebih baik malih, jèn sadèrèk Soerabaja ngoedi sagedipoen mrantasi pijambak: „arbeid adelt!" Saben dinten njatet satjatet, ing dalem saminggoe sampoen dados pitoeng tjatet. Kita ageng, kados Soerabaja, poenika boten kekirangan ingkang pantes katjatet lan kalebetaken ing Sw. Tm. oegeripoen poeroen ngawasaken lan nilingnilingaken ngiwa nengen! Langkoeng majar lan langkoeng njata pari-basan „arbeid adelt", jèn sami kersa tembajanan. Red.

JOURNALISTIEK.

(saking rara Soehardjiah).

Wonten ing Soeara Merdeka no. 25, tanggal 5 December poenika, ngewrat artikel ingkang ragi kénging kita gatosaken, inggih poenika:

Islam contra Islam.

Pada waktoe jang belakangan ini: Jang Oetama Kijahi Hadji August Salim dalam Mustikanja senantiasa mentjoba mengaboei mata ra'iat bangsa kita dengan karangan-karangan jang isinja seolah-olah merendahkan perasaan kebangsaan Indonesia. Perselisihan antara kaoem P. N. I. oempamanja diboeatnja sebagai alasan oentoek merendahkan tjita-tjita kebangsaan. Tapi ra'iat haroes insjaf, bahwa kemadjoean zaman senantiasa membawa kesadaran pada manoesia atas kewadjibannja, baik sebagai nationalis maoepoen sebagai manoesia belaka. Demikian terboekti dari adanja perselisihan antara kaoem Islam di Cheribon, perselisihan mana kini ada lebih haibat (dengan kepelan dan peso blati) dari pada antara kaoem nationalist.

Poela ra'iat haroes insjaf bahwa: Jang Oetama sekarang roepanja mendjadi .... dari N.V.V. dan I.S.D.P. perkoempoelan mana tiada setoedjoe dengan kemerdekaan Indonesia dalam waktoe jang pendek.

Maos artikel ingkang kados makaten, poen Soehardjiah, sanadjan laré wingi sonten, bonto toer malih boten lantip, ladjeng semoe kapeksa toemoet mèsem lan dèhèm, hemm!

Kados boten soesah koela atoeraken, jèn ginaning pers makaten, srana ingkang kénging kanggé garan soeka pepadang dateng ra'iat, soeka toentoenan dateng ra'iat, ingkang soepados saged adamel indaking karahadjengan saha kamadjenganing ra'iat lan sapanoenggilanipoen. Nanging boten teka kanggé garan soeka pepeteng dateng ra'iat, ngawon-awon dateng ra'iat, nedahaken awoning ra'iat, ingkang toemoesipoen boten sanès namoeng badé adamel tjrah saha awoning ra'iat.

Kanggé para journalisten ing Europa dèrèng dangoe poenika ngedegaken: Internationaal gerechtshof, wonten ing kita Den Haag. Ing rikoe ingkang dados toedjoenipoen, namoeng kanggé njantosakaken, matengaken para journalisten, ingkang prasasat minangka dados djoeroe panoentoening ra'iat, djoeroe pitedahing ra'iat, soepados ladjeng saja saged nindakaken ingkang dados koewadjibanipoen tindak ingkang oetami. Dados teka boten nggadahi toedjoe, soepados para journalisten ladjeng saja mempeng anggènipoen saged ngawonawon dateng ra'iat, adamel broeweting paningalipoen ra'iat bangsanipoen pijambak.

Mary Pickford, satoenggiling pambantoenipoen: Mc. Naught Perssyndicaat, anggènipoen njerat namoeng saben minggoe lan salebeting satoenggal taoen, namanipoen saged ngganda aroem. Awit anggènipoen saged moesnakaken jejasanipoen film limrah damelanipoen pijambak lan oegi saged adamel kemadjenganipoen film limrah sanès, srana nedahaken toelada-toelada ombjaking kamadjenganipoen film ing sanès nagari. Dados boten teka: srana ngawon-awon, natjad, mada.

Bab poenika moegi oegi dadosa panggoegah, dadosa pamboekaning nalar, dadosa toelada kanggé kita poetra Katoelik Indonesiers.

Sapoenika mangga mangsoeli rembag nginggil waoe.

Kados ingkang sampoen dipoenandaraken déning dimas Widyantâ ing Sw. Tm. no. 46, pers Mustika inggih ketingal, jèn sampoen naté kanggé njobi ngawoni mripatipoen ra'iat ingkang toemoedjoe dateng golongan Katoelik, srana njarijosaken kawontenanipoen golongan Islam ing Tripolie. Mitoeroet kados ingkang dados pambantoenipoen Kadi ing Libije (noot saking Redactie) kabar poenika katingal tjeta jèn goroh, boten njata babar pisan.

Jèn makaten roemijin sampoen kapigoenakaken kanggé ngawoni mripatipoen ra'iat toemoedjoe dateng golongan Katholiek, srana wewaton tjarijos ingkang goroh, boten njata. Kanggé ing sapoenika toemoedjoe dateng golongan nationaal, ingkang boten kanti ngémoeti kados poendi kawontenanipoen golongan Islam ing Cheribon. Hem! Lha, gèk sanès wekdal ladjeng toemoedjoe dateng sinten malih, inggih?

Bab poenika, jèn ta ngémoeti dateng bebasan Inggris: *Custom is a second nature*, oetawi bebeasan Welandi: *Gewoonte is een tweede natuur*, kados inggih ladjeng kénging dipoen adjeng-adjeng wontenipoen.

O, mila sadèrèk kita kakoeng saha poetri Indonesiers. Koela atoeri dèn tatag, dadag, awas, moelat, waspada, sampoen ngantos ngrèwès lan énggal-énggal nggega dateng pambengok saha pangawon-awon ingkang toemoedjoe dateng ra'iat, bangsa kita pijambak. Awit djaman saja madjeng, tijang ingkang sami pinter ngikal basa, inggih wonten ing kalangan oemoem, inggih wonten ing kalanganing serat kabar, saja boten katingal sakedik tjatjahipoen. Sadaja waoe kedah katjoendoekna lan kanjatakna kalijan kawontenanipoen, kanjatahanipoen saèstoe roemijin.

O, gèk béndjing poenapa inggih, sagedipoen kita Katholiek Indonesier moesna babar pisan, toemraping anggènipoen asring-asring gegèsrèkan, awon-ingawon, nedahaken tjatjadipoen, karingkihanipoen golongan kita Katholiek Indonesiers pijambak srana mawi adjang kolomananing serat kabar kita S.T., S.K?

Prakawis oedoer pamanggih, soeka wawasan, gagasan kanggéning karangan ingkang sampoen kapatjak, inggih prajogi lan kéngang-kénging kémawon. Nanging jèn ta ladjeng mlèsèd saking rembag, ladjeng ngoetik-oetik prakawis sanèsipoen ngantos prasasat doemoegi wingking pawon, poenapa boten prajogi sanget dipoenboeraken babar pisan?

Bab poenika soemitra Tom, saémoet koela sampoen naté tjloeloek lan njogok.

O, moegi koela atoeri émoet! Jèn kanggéning tetemboengan ing sakedjap nétra saged kaboer, itjal, moesna, nanging balik seratan wonten ing serat kabar, salaminipoen tansah badé katingal, angèl anggènipoen badé ngitjali. Lan malih koela atoeri nggalih oegi, serat kabar, ingkang soemerep, ingkang maos boten namoeng mripat satoenggal kalih kémawon, nanging dasanan, atoesan lan terkadang ngantos éwon.

Batavia C.

SEKOLAHAN.

NGOBRAL ING MANGSA MALAISE.

Pating djaredoel wedaling pakempalan ingkang toedjoeanipoen badé njaèkaken ékonomi, sarana damel koprasi, kridit, tjèlèngan, andil, enz. tjekak badé amboedi daja soepados wedaling arta saged irid, sadaja kekadjengan ingkang sampoen dipoenrantjang wiwit roemijin, ngantos kandeg margi malaise. Nanging kosok-wangsoelipoen pakempalan P. G. H. B. ingkang béndjing tanggal 25 Januari poenika mèh sadaja warganipoen badé sami ngrogoh kantong, kanggé njangoni oetoesanipoen, malah sawenèhing warga wonten ingkang kantongipoen kiwa tengen dipoenrogoh sesarengan, djalaran badé njangoni oetoesan P. G. H. B., inggih oetoesan groep. Mila badé katah arta ingkang melajang dateng Tjirebon, inggih bedjanipoen ingkang kepéntjokan, kados déné: Sopir taksi, koesir sado, eigenaar-hotèl, waroeng-waroeng, toko-toko enz.

Djempol-djempolan P. G. H. B. saha djempoling groep ing sadaja panggènan sampoen wiwit tata-tata. Sawenèhing oetoesan wonten ingkang seneng, roemaos ngoendoeh wohipoen P. G. H. B., langkoenglangkoeng ingkang tebih saking Tjirebon, djer kagalih ngiras-ngiroes, ngiras konggrès, ngiroes plesir, mila pembajaran contributie, inzigne, kapitaalvorming, ing ngatasipoen oetoesan ingkang koela atoeraken waoe, namoeng idep-idep titip, saben taoen kapoendoet wangsoel saanakanipoen; saja manawi nijat main boereng, sampoen dados oetoesan groep, ladjeng wonten P. G. H. B. tjabang oegi kapilih dados oetoesan, nggalendem kémawon, kalih-kalihipoen sami déné njangoni, gèk wakil serat kabar pisan; poenika namanipoen noemboek ngeroek njampar njandoeng. Sadaja sami ngirid, mila manawi wonten sawenèhing tijang ingkang badé ngedalaken wragad katah, ing wekdal sapoenika, sok dipoenraosi; djaman kaja ngéné kok arep. . . . . langkoeng-langkoeng Goepermèn, manawi badé ada-ada ingkang mawi wragad katah, oegi dipoenraosi tijang, kados anggènipoen badé damel baita perang.

Mangka wekdal poenika P. G. H. B. oetawi djagad goeroe badé ngedalaken wragad loewar bijasa, wragading konggrès ingkang sampoen tjeta angkanipoen nalika wonten Solo poenika f 1000. (Sèwoe gélo), dèrèng wragad konggrèsipoen para groep-groep pijambak.

Ingkang poenika rèhning djaman mendeking, koela keparenga ngémoetaken dateng tjabang-tjabang P.G.H.B. miwah groep-groep ingkang badé ngintoenaken wawakil dateng Tjirebon, makaten oegi ingkang kapilih dados oetoesan, angèmoetana bilih djaman mendeking, sanadjan ingkang tjalon sangoe waoe mendet arta kas, oetawi arta tjèlènganing kempalan, ingkang pantjènipoen kénging katandjakaken sanès manoet djaman, sampoen ladjeng rojal-rojal.

Déné ingkang katoeding dados oetoesan, karsaa paring kawelasan dateng ingkang njoewoen toeloeng anglantaraken rembag-rembag dateng konggrès, sarana ngirid wragadwragad ingkang pantjèn kénging kairid, oepami: manawi oetoesan waoe kagoengan sanak sadèrèk, oetawi mitra wonten Tjirebon, inggih ngendikaa teroes terang, soepados saged ngirid ragad hotèl, sokoer jèn ingkang dipoensipengi waoe gadah piet, sampoen saged ngirid ongkos dokar, manawi ngintoenaken oetoesan langkoeng saking satoenggal, begroeting kréta toempakan sampoen dipoenpingaken tjatjahing oetoesan, djer saged naik dokar bersama-[illegible] déné manawi badé mampir-m[illegible] poenika sanès pandamelanipoe[illegible] toesan; rèhning saben dinte[illegible] rokok krètèg, sampoen ladjeng m[illegible] doet ingkang kenèh-kenèh, doeme[illegible] dados oetoesan ladjeng moendoet[illegible] sigago. Déné manawi badé kersa me[illegible]

SAMPOEN KEDJOT!

„Poenapa taksih saged langkoeng santer lan wanter malih?"

Makaten soeraosipoen pitakènan ingkang saged kawedal jèn njawang tradjanging regeering anggènipoen nindakaken pangiridan!

Wragad poenapa kémawon ingkang kagalih nglodjok kirang perloe, tel kapapras!

Malah saged oegi wragad ingkang pantjèn perloe jektos inggih katoet kapapras! Oepaminipoen: Soerakarta kalijan Ngajodja dipoendadosaken sagoepernoeran! Leres sanalika ngrikoe katingal ngirid goepernoer satoenggal. Nanging boentoetipoen saged ngosak-asik arta negari!

Para ambtenaar sami mbengok sora, margi blandjanipoen badé katjowok. Regeering toetoep koeping, namoeng mandeng „leboe wetoening doewit koedoe koeboek!"

Wonten panjoewoen, soepados regeering rembagan roemijin kalijan ingkang badé kataman, sadèrèngipoen nindakaken pangiridan. „Remboeg² koewi sok ora bisangowahi kaanan! Leboe wetoening doewit koedoe koeboek! Habis perkara!"

Sinten ingkang poeroen ngoengak kas negari, mesti ladjeng boten goemoen dateng tindak sengkoet kados makaten poenika.

Djer toeking arta negari sapérangan ageng sanget kasoempelan: kawontenanipoen panggaotan mleseg!

Éwasamanten sampoen kedjot!

Jèn regeering badé *saja santer* anggènipoen nindakaken pangiridan!

Djer:

Ing Volksraad wonten pitakènan ingkang loemados dateng regeering. Soeraosipoen makaten:

Gandèng kalijan ngrekaosipoen narik paos Landrente, ingkang pembajaripoen kaoem tani sarana mawi njadé woeloe-wedaling siti lan radja-kajanipoen kanti mirah sanget, poenapa déné srana njamboet arta kanti sareman katah sanget, koela (Wiranatakoesoema) ingkang ngladosaken pitakènan poenika, kapéngin soemerep, poenapa paréntah sampoen nindakaken poenapa-poenapa, soepados ing taoen 1932 paos waoe saged kaedakaken.

Pitakènan *wigatos sanget!*

Wigatos sanget toemraping Indonesiers. Awit gesanging kaoem tani sapérangan ageng goemantoeng dateng panggah lan mandaping paos Landrente poenika. Mangka rakjat Indonésia poenika sapérangan ageng awoedjoed kaoem tani.

Amila sinten ingkang tresna jektos dateng Indonésia, mesti anggatosaken sanget dateng pitakènipoen tw. Wiranatakoesoema waoe!

Amila, mangga para warga Volksraad, ingkang dados wewakiling rakjat Indonésia, ingkang *kedah* ngrembag rahadjeng lan sakétjaning rakjat Indonésia,— mangga, ing ngriki wonten rembag ingkang ngéngingi rakjat lebet,— mangga karembaga kanti waspada, kanti setiti, kanti tapis!

Jèn soedan blandja ambtenaar sampoen karembag ramé mekaten; bab prekawis paos Landrente kedah karembag langkoeng ramé.

Djer, ing djaman awis arta poenika, sakngrekaos-ngrekaosipoen ambtenaar ingkang soeda blandjanipoen, taksih ngrekaos kaoem tani, ingkang gadah sesanggèn paos Landrente manoet prenatan sapoenika.

Mangka sakkatah-katahing ambtenaar, mesti inggih taksih katah kaoem tani. Dados prakawisipoen kaoem tani langkoeng oemoem.

Naning pitakènan kaseboet ing nginggil waoe oegi boten kirang wigatos toemraping regeering.

Awit, kadjawi prakawis poenika badé anggepok rakjat Indonésia kanti sora, inggih gandèng oegi kalijan kas negari.

Djer njoeda paos Landrente poenika oegi ateges njoempeli toeking arta negari.

Jèn kelampahan regeering kepeksa mandapaken paos Landrente, mangka boten saged ngagengaken oetawi andoedah toek arta sanès; ladjeng badé dateng poendi kémawon pladjengipoen?

Poenapa boten badé njengkoetaken lan manteraken anggènipoen nindakaken pangiridan?

Amila *sampoen kedjot!*

Pangiridan *saged saja ngamoek*

FIRMA - MERDEKA.
DJOKJAKARTA.

Toko Merdeka pindah tempat di Ngabéan straat Djokja dan ada tanda plank, Bultzakenfabriek „MERDEKA".

Tarief harga Ledikant compleet jang kwaliteit A besi 7/8 dan kain bultzak dari rami kapoek no. I.

No. I	oekoeran tinggi	2,36	pan.	2,30	lebar	1,90	harga huurk.	f 107	harga cont.	f 80,—
No. II	„ „	2,22	„	2,20	„	1,60	„ „	f 95	„ „	f 71,—
No. III	„ „	2.15	„	2,10	„	1.30	„ „	f 82	„ „	f 60,—
No. IV	„ „	2,02	„	2,00	„	1,15	„ „	f 70	„ „	f 52,50
No. V	„ „	2,00	„	1,60	„	1,00	„ „	f 68	„ „	f 50,—
No. VI	„ „	1,20	„	0,80	„	0,60			„ „	f 27,50

Tarief harga Ledikant compleet jang kwaliteit B besi 3/4 dan kain bultzak dari piké kapoek no. II, djoega ditanggoeng kekoeatannja.

No. I	oekoeran tinggi	2,36	pan.	2,30	lebar	1,90	harga huurk.	f 96	harga cont.	f 70,—
No. II	„ „	2,22	„	2,20	„	1,60	„ „	f 86,50	„ „	f 65,—
No. III	„ „	2,15	„	2,10	„	1,30	„ „	f 73,50	„ „	f 55,—
No. IV	„ „	2,02	„	2,00	„	1.15	„ „	f 61,50	„ „	f 46,—
No. V	„ „	2,00	„	1,60	„	1,00	„ „	f 60,50	„ „	f 45,50
No. VI	„ „	1,20	„	0,80	„	0,60	„ contant sadja	. . .		f 25,—

Djoega sedia meubel jang kwaliteitnja paling baik dan barang d[illegible] saja poenja toko boleh di njatakan sendiri, tidak ada concurenti[illegible] jang bisa melawan harga dan kwaliteitnja.

Hormat kita
Eig. R. A. SASTRODIHARDJO.

CORRESPONDENTIE.

Kakang Ragil: Karangan *„Ngatoeri wangsoelan"* inggih sampoen loemebet ing Redaksi. Matoer noewoen. Sarèhning sedyanipoen Redaksi namoeng soeka oelar-oelar, jèn saged toemindak, dados „Ngatoeri wangsoelan" saking pamanggihipoen boten soesah kapatjak.

Adisoemarta Pr. D.: „Sinten ingkang nanggel?" Saking pamanggih kita boten badé angsal damel. Lan sarèhné papanipoen roepek sanget, milanipoen boten badé medali.

Para njoembang karangan, kita matoer noewoen. Ngentosi roemijin. Jèn boten wonten alangan, badé kapatjak. Sadaja kémawon sami ngegoengna ing pamengkoe! *Red.*

Abn. 147. Inggih sampoen leres! Noewoen.—*Abn. 120.* Sampoen boten.—*Abn. 284.* Adrès pandjenengan sapoenika kados poendi? *Adm.*

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA	BANDOENG
Telf. 252	Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA.
dengan bawa lembaran Swara Tama
dapat POTONGAN.

AWAS! AWAS!!

Regi mirah ing ngandap poenika:
Loodmenie, moerni tanpa ketjampoeran poenapa-poenapa, kantoen ngoesaraken kémawon:

Netto	10	5	2½	1	½	kilo.
sa-blèg	6,—	3,20	1,75	0,75	0,40	roepijah.

Ijzermenie 85% ijzeroxijde

Netto	10	5	2½	1	½	kilo.
sa-blèg	5,—	2,70	1,50	0,65	0,35	roepijah.

Verffabriek R. B. FRIELING Djokja.
:-: HOEKHUIS GONDHOMANAN—SAJIDAN :-:

Boeat toean poenja
Recept[2]

ERCEE
ERCEE

APOTHEKEN
Rathkamp & Co
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

:-: AGENT :-:
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk:
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.

Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:
Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESENA
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

TOKO MENANG
MADIOEN, SOLO en DJOCJA.

Selamanja sedia:

DRILL POETIH, DRILL KLEUR,
KAMHAR, LAKEN, TRICO,
TJITA-TJITA,
TOPI TOEAN, SAPOE TANGAN,
RENDA-RENDA, MINJAK WANGI,
DASI, KRAAG, KOUSEN,
dan laen-laennja.

SEMOEA BARANG BIKINAN EUROPA.

TOKO DJOEN & CO.
TELEF. No. 374.
PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA.

Amrih soekaning para lengganan, wiwit sapoenika kita ngwontenaken persènan. Saben kantongan boeboek saking Djoen wonten
COUPON MAWI REGI.
Srana nglempakaken kantongan dalasan couponipoen, para lengganan badé angsal pépénginanipoen.
Mangga énggal njobi moendoet!

Kita sedija:

JAVA KOFFIE	No. 1	sa-pond	f 1.—
ROBUSTA „	„ 1	„ „	„ 0.80
„ „	„ 2	„ „	„ 0.70

Tanggel tanpa tjampoeran.
Jèn badé njatakaken sadèrèngipoen kopi mlebet ing gilingan, kénging.
Atoer hoermat,
Toko Djoen & Co.

ngirid saèstoe, begroeting dahar wonten dalem, kersaa ngampil wonten Tjirebon, soepados kempalan saged ngirid ongkos dahar.

Warni-warni grenengipoen sadèrèk ingkang sampoen naté dados oetoesan konggrès, wonten ingkang sambat, margi kekatahen tombokipoen, nanging koela pitados bilih tombokipoen waoe toemandja, djalaran kanggé noembasaken angsal-angsal, apes dolananipoen laré. Wonten ingkang sambat bilih dados oetoesan poenika awrat sanget, sebab salebetipoen konggrès rinten daloe kedah mirengaken, mangka manawi bibar sok ngantos djam 3 éndjing, nanging koela pitados bilih nenggani ngantos sabibaripoen poenika boten wonten ingkang ngontrole. Éwasamanten katah-katahing tijang mesa wonten, boten kétang satoenggal kados ingkang koela atoeraken ing nginggil, roemaos ngoendoeh wohipoen P.G.H.B. dipoentjoetjoekaken kalijan anggènipoen ambajar contributie setaoen, oetawi 2 taoen, mawa-mawa tebih tjelakipoen, malah wonten satoenggiling oetoesan P. G. H. B. ingkang takèn dateng salah satoenggiling warga P.P.K.D. ingkang sok dados oetoesan konggrès P.P.K.D. sepinten manawi njangoni, dipoenwangsoeli . . . . . Sringgit, ing semoe oemoen sarwi mangsoeli: Hla ja koempoelan kristen, koedoe mlarat. Déné pikadjenganipoen oela soemanggakaken. Ingkang poenika panjoewoen koela dateng sadaja tjabang P.G.H.B. miwah groepgroep, sampoen ngantos kesoepèn bilih wekdal poenika djaman mlèsèd, ing kalangan kempalan oegi kedah ngawontenaken pangiridan, nanging sampoen njopoti poenggawa: „Wragad", ingkang kedah kairid pantesisme ingkang koela oesoelaken ing ngriki, sampoen ladjeng tjal-tjoel oesoel ngwontenaken ini dan itoe, beli ini dan itoe, ingkang saben warga kedah ngedalaken arta, é nadjan namoeng gangsal sèn; mindak getoen wingking, sampoen keladjeng saoer manoek moepakaaat, djeboel . . . . . Sareng namoeng wonten satoenggal ingkang boten toemoet moepakat, ladjeng dipoenmiskinaken. alvorming f 1— ing dalem n, ateges sabribil gowèng ing sadinten, mesa lepat kalijan djeng-adjengipoen verbond. awi ta jèn pantjèn perloe sanget, enika sampoen boten kénging dipoensélaki kedah kaoesoelaken. Kados oepaminipoen: amplop. Sawenèhing Departement, oetawi kantor goepermèn, malah namoeng trimah nganggé loengsoeran blangko padjeg, oetawi kertas boewangan, mila prakawis perhijasan kedah dipoensoeda, poenapa awonipoen ngirid perhijasan. Ingkang poenika moegimoegi konggrès P. G. H. B. ingkang badé dateng poenika, sageda ngedalaken woh ingkang tjoetjoek kalijan wragadipoen.

poen *Mangkak.*
7-12-'31.

OERAP-SARI.

INDONESIA.

Perloe tepangan.

Manoet *Koemandang Ra'jat* kinten-kinten ing woelan ngadjeng poenika, Ngarsa Dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soenan, Kangdjeng Goesti Pangéran Adi Pati Mangkoenagara, sarta Ngarsa Dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan toewin Kangdjeng Goesti Pangéran Adi Pati Pakoe Alam badé tindak dateng Djakarta perloe tepangan kalijan Toewan Goepernoer Djéndral énggal Mr. Jhr. De Jonge.

Nata Djawi tepangan kalijan Goepernoer Djéndral énggal poenika sampoen dados padatan. Saweg roemijin ingkang ngroemijini toewi poenika Toewan Goepernoer Djéndral, nanging ing béndjingipoen ingkang kados makaten poenika kasantoenan: papaning pepanggihan kapendetaken Semarang, Bogor oetawi Djakarta.

Tijang limrah sami tetepangan, poenapa para Nata kalijan Toewan Goepernoer Djéndral boten kénging?

Namoeng koetjiwanipoen samangké poenika djaman mlèsèt, mangka Nata poenika manawi tindakan, wragadipoen katah. Mangké jèn Toewan Goepernoer Djéndral gentos toewi, medalipoen arta inggih boten sakedik.

Commissie Spit.

Commissie Spit inggih poenika commissie ingkang dipoenpangagengi Mr. Spit sarta ngrembag bab hak siti toemrap bangsa Indo. Mr. Spit ngadjak rembagan kalijan pakempalan-pakempalan kadosta P. P.P.K.I. sarta Sarékat-Ambon, nanging pakempalan waoe sami boten poeroen dipoendjak rembagan, djalaran saking wiwitan sampoen gèsèh wewatonipoen Mr. Spit sampoen rembagan kalijan sawenèhing Resident sarta Regent ing tanah Djawi-kilèn, wonten ingkang tjotjog lan wonten ingkang boten. Manoet kabar, wonten Regent ingkang tjotjog sarta Resident golongan Indo ingkang boten tjotjog.

Samangké wonten wartos, Mr. Spit badé dateng tanah Djawi-tengah sarta Wétan perloe rembagan prakawis hak siti toemrap Indo kalijan Resident-resident lan regent[2].

Dipoenentosi kémawon, sinten ingkang tjotjog sarta sinten ingkang boten!

Indonésia njamboet 150 joeta roepijah.

Manoet Aneta wonten wet katoer Twede Kamer inggih poenika perloe damel samboetan 150 joeta roepijah ingkang dados tanggelanipoen Paréntah Indonésia. Déné koers sarta saremanipoen ingkang netepaken Minister djadjahan.

Mitoeroet wontenipoen wèt samboetan ingkang sapisanan ing taoen 1931, Indonésia taksih gadah wenang ngedalaken arta 103 joeta, nanging soepados tansah saged mbajar sapéranganing samboetanipoen Indonésia, mindaking samboetan ngantos 150 joeta roepijah poenika ladjeng kaanggep perloe.

Jatra gobog medak aosipoen.

Poelo Bali ingkang taksih ngangèkaken jatra gobog, tetéla kasangkoet ing malaise, amargi manoet Mataram f1 poenika jèn kalintokaken gobog angsal 1200 oetawi 1300, samangké angsal 1800. Ingkang kados makaten poenika nandakaken jén ing ngrika awis salaka.

Redi Krakataoe.

Redi Krakataoe manoet tilgramipoen Resident ing Lampoeng dateng Vulkanologische dienst, ndjebloeg-djebloeg malih. Isining redi ingkang medal, inggilipoen kinten-kinten 100 M.

Mitoeroet pamanggihipoen Vulkanologische dienst, inggilipoen kedah langkoeng saking samanten, awit jèn boten makaten, temtoe boten katingal saking pasisir Soematra.

Vulkanologische dienst sampoen kèngkènan satoenggiling mantri kepala kapoerih ngawasaken saking pasisir Banten.

Redi Merapi.

Dèrèng lami poenika tijang Sléman mireng swanten goemloedoeg dipoensarengi mindaking hawa bentèr.

Manoet toewan Versteeg ingkang ndjagi ing Babadan, poenika boten saking kawah; oepamia makaten ing ngrikoe temtoe kapireng. Bokmanawi kémawon ing sisih kidoel wonten ingkang djoegroeg.

Nalika Setoe 5 December toewan Dr. Stehn, kepalaning Vulkanologisch Onderzoek sampoen minggah doemoegi lambéning kawah sarana ngambah papan ingkang kalaharan saking lèr mangidoel. Mitoeroet Dr. Stehn kawahipoen katingal boten moetawatosi.

Margi saking dipoenréntjangi Dr. Nyhof, wetenschappelijk medewerker Koninklijk Meteorologisch lan Magnetisch Observatorium ing Betawi, toewan Stehn sampoen saged masang pirantos kanggé njoemerepi katahing djawah sarta rosaning angin wonten ing Dengkèng.

Pirantos njoemerepi katahing djawah ingkang kapasang ing Babadan (tjelak Moentilan) poenika sabensaben angsal 5 millimeter ladjeng njoekani tanda pijambak.

P. D. ing Moentilan N. I. S.

P. D. ing Moentilan kala dinten 3 Dec. riajanipoen Santo Franciscus Xaverius, pangajomanipoen P. D., ngwontenaken tooneel alit-alitan; mawi sinelanan beksan Anoman — Trenggana. Papanipoen wonten ing tooneelzaal Xaverius-College. Rama Rector lan Rama sanèsipoen sami ngrawoehi. Kadjawi poenika tooneelzaal kebak moerid-moerid djaler èstri saking sekolahan: H.I.S.; Std. School, Kopschool; para tijang sepoehipoen inggih sami toemoet. Lelampahanipoen tooneel tjotjog sanget kalijan toedjoening P. D. Sadaja-sadaja waoe toemraping laré-laré sampoen maremaken. Wiwit ± djam 6, bibar ± djam 8 sonten

Panitra.

MANTJA NAGARI.

„Ooievaar" kedjoengkel.

Motor-miber, „Ooievaar", ingkang blebar-bleber saking Nederland dateng Indonésia, saking Indonésia dateng Nederland kala minggoe kapengker wonten *Bangkok* (Sijem), nalika badé plas miber dateng Nederland, kok sanalika ladjeng kedjoengkel: tijang 5 sakal pedjah; tijang 2 boten sakal. Djalaranipoen kedjoengkel dèrèng saged katetepaken. K. L. M. saplokipoen madeg dèrèng naté manggih kasangsaran semanten agengipoen!

Mangka pantjènipoen sampoen wonten reraosan saking Amsterdam dateng Betawi badé dipoenlampahi namoeng ing dalem 3 dinten (doemoegi sapoenika ing dalem 10 dinten). Nitik krekad (energie) kilènan kasangsaran ing Bangkok mesti boten badé ngalang-alangi ngleksanani reraosan kasboet.

Prakawis Mantsjoerij.

Dèrèng lebar! Béndjing poenapa badé wontenipoen bedamèn? Sinten soemerep? Bokmanawi béndjing jèn salah satoenggilipoen oetawi kalihkalihipoen pisan sampoen megapmegap! *Volkenbond* kanti tlatos anggènipoen ngoedi soepados sampoen ngantos doemoegi samanten: badé ngwontenaken *commissie nétral* kapatah niti priksa prakawis Mantsjoerij (kabaripoen ing Commissie waoe oegi badé wonten oetoesan saking Nederland, margi tjrijosipoen boten kesangkoet ing prakawis wétanan poenika); ngoesoelaken damel *tlatah netral.* Tiongkok moepakat, malah ngawoni ngoendoeraken saradadoenipoen saking tlatah poenika. Nanging Djepang boten trimah; taksih neda, soepados maarschalk Tsjang-Hsoe-Liang nilara Tsingtsou lan regeering Joean-Sji-Kai ing Moekden kapataha ngawat-awati tlatah nétral waoe. Nanging regeering ing Moekden poenika *pro*-Djepang! Mesti kémawon Tiongkok ladjeng girab-girab. Volkenbond kénging bamban malih.

Djepang, ing prakawis Mantsjoerij poenika asring ketingal kados méntjla-méntjlé, kados boten djoedjoer. Déné djalaranipoen: ing Djepang poenika wonten *parté militèr*, ingkang ageng sanget prebawanipoen. Ingkang milih minister perang lan tetindihing wadya bala poenika inggih parté militèr. Pratélan oetawi pelapoeranipoen poenika boten loemados dateng regeering nanging dateng sang keizer Hirohito. Regeering tradjangipoen: ngadjak roekoen, bedamèn. Nanging parté militèr: ngendelaken kadigdajanipoen, mijaraken djadjahan. Soekoer jèn tanpa drèl-drèlan; nanging jèn kedah mawi, inggih prajogi, boten badé moendoer. Margi saking kawontenan poenika oesoel oetawi panedanipoen Djepang (regeering) asring katingal soelaja kalijan tradjanging wadya bala Djepang ingkang wonten ing tlatah Tiongkok. Kados mekaten poenika tamtoe kémawon andadosaken reribed kanggé regeering. Sanadjana wonten reribedipoen, nanging tanahipoen pijambak boten dados adjang, dados tanahipoen taksih kalis. Kadjawi ing sisih lèr (Aomori) ingkang sapoenika saweg katradjang ing patjeklik. Ingkang kataman tijang 900.000.

Déné *Tiongkok* mila prasasat ketoela-toela. Ing Sw.-Tm. sampoen kawartosaken glagad aksinipoen student-student ing Peiping (Peking). Aksi waoe saja ngambra-ambra. Ing *Kanton* sami ngwontenaken massabetooging lan badé neda dateng Tsjiang Kai Sjek, soepados medalana wonten ing Tiongkok lèr. Ing *Sjanghai* student 3.000 sami mogok. Ing *Nanking* student éwon-éwon sami ngongasaken salira (betooging) malah mawi ngrisak setasijoen poenapa. Wonten kabar jèn ing rikoe mila pantjèn wonten complot student-student ingkang badé damel reresah. Para pengageng Tionghwa ing Nanking roemaos pakèwed; margi: oepami tradjanging student poenika dipoenpapras mawi „tangan besi", bokmanawi saged noewoehaken ontran-ontran kalijan mantja negari; déné jèn boten, pangoewasanipoen sampoen boten andajani poenapa-poenapa.

SEPANJOL.

Grondwet énggal. Tilgram *Aneta-Reuter* saking Madrid tg. 9. Dés. martosaken, bilih Grondwet énggal saking moepakatipoen sadaja sampoen katampi déning Cortes. Para maos tamtoenipoen taksih émoet, bilih Grondwet énggal poenika anti-Katoelik sanget. Inggih Grondwet énggal poenika ingkang netepaken para Jésoewit kedah katoendoeng saking Sepanjol; inggihGrondwet énggal poenika oegi ingkang badé mitenah kloosterling 80.000, margi badé nindakaken ingkang boten adil lan soelaja kalijan kamardikan kanggé oemat Sepanjol semanten poenika, mangka tjarijosipoen oemat Sepanjol sadaja dipoensamèkaken lan angsal kamardikan; inggih Grondwet énggal poenika ingkang poking toedjoe badé amboesek semangat Katoelik saking manahing oemat Sepanjol. Amila Alcalá Zamora wonten ing pidatonipoen ingkang kawrat ing *„El Debatte"* mastani; „ikoe gawéjané wong sing mendem politiek; ikoe soelaja karo kaadilan oemoem!" Bokmanawi wonten ingkang takèn, „apa ora ana warga Cortes Katoelik toelèn sidji-sidjia wae sing wani njetèm anti marang Grondwet maoe?" Poenika kaoeningana. Nalika sampoen katingal, jèn Grondwet énggal anti-Katoelik, mangka badé dipoenkekahi; para warga Cortes Katoelik toelèn, wewakil saking tanah Basken (Sepanjol sisih lèr), ladjeng sami medal dados warga, lan Gil Robles mawi nilari sesoembaran mekaten: „Baboeh, akoe pada koeja-koejanen, mengko rak akoe sing bakal oenggoel!"

Minangka panglipoer K. Santo Bapa, Pijoes XI, sampoen paring serat dateng Pangagenging Sarékat Sri Jésoes, ingkang ngalem kanti mongkog, bilih para Jésoewit poenika mila poetraning Pasamoewan Soetji ingkang peng-pengan; lan nélakaken, jèn K. S. Bapa boten kekilapan, bilih para Jésoewit katoendoeng saking tanah lairipoen poenika margi saking labet Katoelikipoen.